зи ҳам гарчи эпизодик характерда бўлса-да, ҳаракатлари, нутқи, Гулойим билан диалогида шахсий хислатлари яхши очилган.

Кейинги пардада образлараро тўқнашув кескинлашади. Драматик коллизия яратишга кўпроқ эътибор берилади. Нодиршоҳ, унинг мулозими Қулимбек ва ҳийлагар - айғоқчи Мастон кампир томонидан Арслоннинг синглиси Олтинойнинг зўрлаб хон саройига келтирилиши билан вазият мураккаблашади, зиддият кучаяди. Мастон кампирнинг иғвоси билан Нодиршоҳ тузоғига илинган Олтинойнинг руҳий драмаси, хон билан юзма-юз тўқнашувлари томошабин учун анча ҳаяжонли чиққан. Қалмоқлар хони Суртайшо лашкарларининг Гулойим қизлари билан жангда енгилиши, душманнинг қирқ минг аскарини ер тишлатган, юртини озод этган қизларнинг мардлиги куйланган саҳналар ўқувчида яхши таассурот қолдиради.

Асарнинг охирги кўринишларида Хоразмлик баҳодир йигит Арслон майдонга кириб келади. Унинг жанг майдонида Гулойим ва унинг қизлари билан учрашуви, мулоқотлари фонида муҳим бир ғоя кўтарилади. Яъни дўст бошига оғир кунлар тушганида елкадош бўлиб, қўллаб-қувватлаш инсоний бурч эканлиги ҳақидаги фикр, душманни мағлуб этишда Гулойимга ёрдам қўлини чўзган Арслоннинг ҳаракатлари мисолида ғоя очилади. Душмандан қасос олиш учун қилич яланғочлаган Гулойим Арслонга қарата дейди:

*Ғанимга бу умр ғамхона бўлсин,*
*Қадами юртимдан бегона бўлсин,*
*Куни битиб умри вайрона бўлсин,*
*Туркистон деб от солайлик Арслон!*

Туркистон ўлкасининг озод ва ободлиги учун халқларимиз қадимда ҳам бирга курашган, бири учун иккинчиси кўксини қалқон қилган. Асарда бу тарихий ҳақиқат илдизи бир, тақдири туташ турли миллат вакиллари образида реал кўрсатилган. Ушбу ибратли ғоянинг тарбиявий аҳамияти бугун ҳам муҳим.

Либреттонинг сўнгги пардаси кўтаринки, романтик пафосда. Арслон билан Гулойимнинг тўйи манзараси. Гулойим тушида бир "шохсувор йигит" -Арслонни кўриб севиб қолади. Арслон ҳам худди шундай ҳолатни бошдан кечиради. Гулойимга ошиқ. Мана, энди тушларида бир-бирларини севиб қолишган ошиқ-маъшуқлар кураш майдонида учрашади. Синов кўприкларидан ўтиб, тўй қилмоқда. Бу эпизод ўзбек ва қорақалпоқ колоритига хос миллий жилолар (Хоразм халқ ашулалари, қорақалпоқ жировлари, хор ижро этган куй-қўшиқлар в.ҳ.) саҳнага алоҳида эстетик завқ, миллий руҳ бағишлайди. Бу эса муаллифнинг саҳнадаги вазиятга, ҳаракатга мос қўшиқлар матнини ижод этганидан, саҳна санъатини нозик ҳис қилиб, томошабин дидига мос кўринишлар ярата олганидан далолат беради. Асар театр саҳнасига кўчирилгудек бўлса, бу байналмилал кўриниш, наинки, томошабинларнинг кайфиятини кўтаради, шу билан бирга, қорақалпоқ ва ўзбек халқларининг куй-қўшиқлар ҳамоҳанг, бир-бирларини тўлдириб, бойитиб борадиган ўлмас санъат эканлиги ҳақидаги тасаввурингизни янада мустахкамлайди. Гарчи асарнинг умумий сюжети афсона, ривоятларга қурилган бўлса-да, Гулойим ва Арслон тимсолида, характер хусусиятларида, ҳаракатларида замонга оҳангдошлик пафосини англаймиз, қалбдан ҳис қиламиз. Асарнинг шу хусусиятининг ўзиёқ, уни бугунги саҳна санъатимиз репертуаридан жой эгаллашга ҳақли, деб хулоса чиқарсак, хато бўлмас. Дарвоқе, ҳозирда қорақалпоқ миллий опера санъати муваффақиятли ривожланиб бораяпти. Опера учун либретто ёзадиган муаллифлар, унга мусиқа басталайдиган композиторлар, саҳналаштирадиган талантли режиссёрлар етарли. Уларнинг ижодий меҳнатлари туфайли ҳозирга қадар "Ажиниёз", "Тўмарис" опералари саҳналаштирилиб мухлисларга намойиш этилди. Ҳатто "Қирқ қиз" балети яратилиб, томошабинларга кўрсатилди. Истардикки, Гулистон Матёқубованинг "Гулойим" операси учун ёзган либреттоси ҳам китоб саҳифаларида қолиб кетмасдан, саҳнага олиб чиқилса, қорақалпоқ достончилигининг ўлмас намунаси "Қирқ қиз"нинг шон-шуҳрати янада ошган, қорақалпоқ опера санъати яна бир янги асар билан бойиган, эпос мухлисларининг орзулари ҳам ушалган бўларди.

**Адабиётлар**


1. Матёқубова Г. Йўлларингга чиқдим. -Нукус: "Қорақалпоғистон", 1997.
2. Матёқубова Г. Излаганларим. -Тошкент: "Ёзувчи", 2000.
3. Матёқубова Г. Ота уйим. -Тошкент: "Ўзбекистон", 2014.
4. Матёқубова Г. Қайтмоқ учун кетмоқдаман. -Нукус: "Қорақалпоғистон", 2007.
5. Матёқубова Г. Муҳаббат юрти. -Тошкент: "Тиббиёт", 2002.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада Г.Матёқубованинг драматургия жанридаги икки асари – "Қаторда норинг бўлса" шеърий драмаси ва "Гулойим" операси учун ёзган либреттоси ҳақида сўз юритилади. Асарларнинг ғоявий-бадиий хусусиятлари, образлар туркуми таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению драматических произведений Г.Матякубовой – драмы в поэзии "Қаторда норинг бўлса" (Когда рядом есть опора) и либретто к опере "Гуляим". Анализируется целый ряд образов и идейно – художественные особенности драм.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of learning dramatic works by G.Matyakubova –the drama in the poetry " When you have a person rely on" and the libretto for the opera "Gulayim". The author of the article analyzes a number of characters and ideological-artistic features of the dramas.


## ҚАРАҚАЛПАҚ АЙМАҒЫ ҚАЗАҚ АҚЫН-ЖЫРАЎЛАР МИЙРАСЫНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ХӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНО-ФОЛЬКЛОРЛЫҚ АРЕАЛЫ ХӘМ ӘДЕБИЙ ОРТАЛЫҒЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ


**Т.Төрткулбаева** – *өз бетинше изелениўши*
**К.А.Алламбергенов** – *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Қорақалпоқ худуди, қозоқ оқин-жировлар мероси, устоз-шогирдлик дастур, анъана ва меросилик, миллий этно-фольклор, адабий муҳит, таъсир ва ўзаро адабий-фольклор алоқалари, қорақалпоқ худуди қорақалпоқ-қозоқ жиров-шоирлар меросида жанрлар, шакллар ва ижрочилик санъати типологияси.

**Ключевые слова:** регион Каракалпакстана, наследие казахских поэтов-сказителей, традиция и приемственность, национальная этнофольклорная, литературная среда, влияние и литературно-фольклорная взаимосвязь, жанры, формы в наследии казахских жиров-акынов на территории Каракалпакстана, типология творческой и исполнительской деятельности.

**Key words:** region of Karakalpakstan, heritage of Kazakh poets and bards, traditions and tutorship, national ethno-folklore literary environment, influence and literary-folklore relationship, jenres, forms in the heritage of Kazakh jiraus-akins on the territory of Karakalpakstan typology of creative and interpretative activities.


Қазақ-қарақалпақ халықларының ертеден киятырған тарийхый-генетикалық, тарийхый-мәдений дослық-туўысқанлық қарым-қатнаслары менен қарақалпақ этнофольклорлық-әдебий орталығын қарақалпақ аймағы қазақ фольклоры менен әдебиятының пайда болыўы хәм қәлиплесиўинде идеялық хәм эстетикалық дәрек сыпатында айрықша хызмет атқарады.

Бул дәреклердиң миллет, халықаралық әдебий-фольклорлық байланыслардың келип шығыўында да әҳмийети оғада уллы. Себеби, ҳәр қандай әдебият түри болсын бул дәреклерсиз пайда болыўы, раўажланыў жолына түсиўи мүмкин емес. Оның себеби фольклордың да, әдебияттың да раўажланыўы ушын, биринширден, қолайлы тарийхый, руўхый-эстетикалық мәдений шараят жаратылған болыўы керек болғанындай, әдебий-фольклорлық байланыслар да үзилмей киятырған арналық жол болыўы керек.

Усы көзқарастан баҳа беретуғын болсақ, қарақалпақ аймағы қазақ фольклоры менен әдебиятының жаңа миллий аймақлық көринисте пайда болыўы ушын XIX әсирдиң биринши ярымындағы қарақалпақ аймағында бундай шараятлар әлле қашан толық писип жетилискен еди. Себеби, бул дәўирлерде қарақалпақ халқының Едил-Жайық, Бухара, Түркистан, Сыр бойларынан келген топары өзлериниң ата-бабаларының әййемги мәканы - Әмиўдәрьяның төменги қуярлығы менен Арал теңизи әтирапында қалған бурыннан отырықшы туўысқанларына араласып, оның үстине, Жаңадәрья қарақалпақлары да бул жерге көширип әкелинип,

толық отырықшылық турмысқа өтип, сиясий-жәмийетлик, социал-экономикалық турмыс тәризи биротала турақласып, орайласқан бир ел, бир мәмлекет болыўға умтылып, өзлериниң миллий мәдениятын қайта тиклеп, оны зор берип раўажландырып атыр еди.

Қарақалпақ фольклортаныўшылары менен әдебият тарийхшыларының көрсетиўинше, бул дәўирге шекем қарақалпақ фольклоры күшли раўажланыў басқышларын бастан кеширгени тарийхый шынлық. Бул дәўирлерде фольклордың лирикалық жанрлары халық қосықлары, бесик жыры, балалар қосықлары, салт-дәстүр жырлары, юмор-сатиралық қосықлары, жуўап айтыслары, нақыл-мақаллар, айтымлар, жумбақлар, жаңылтпашлардан тартып поэзиялық, прозалық ири эпикалық жанрлар: толғаўлар, дәстанлар, тарийхый жырлар, аңыз, әпсана, ертек, шешенлик сөзлер тематикалық жақтан, мазмун ҳәм форма жағынан да ҳәр тәреплеме байып толысты. «Алпамыс», «Қоблан», «Едиге», «Ер Шора», «Ер Зийўар», «Мәспатша», «Шәрияр», «Қырық қыз» усаған дәстанлардың дүркин-дүркин вариантлары пайда бола баслады. Жыршылық, жыраўшылық мектеби кеңнен ен жайды. Соппаслы Сыпыра жыраўлардан, Жийен жыраўдан басланған жыраўшылық мектеби бул XIX әсирлерде Жийемурат, Дүйсенбай, Халмурат, Айтуўар, Қазақбай сыяқлы талантлы жыраўлар тәрепинен даўам еттирилди [1:74-75].

Бул жыраўлар мектеби устаз-шәкиртлик дәстүрин, дәстүр ҳәм мийраслылық жолын қатаң сақлаған ҳалда халықтың көп әсирлик терме-толғаўлары менен қаҳарманлық дәстанларын шынжырма-шынжыр бир әўладтан екинши әўладқа жеткерип отырды. Мысалы, “Едиге”, “Ер Шора” сыяқлы Ноғайлы дәўири халық дәстанларының XIX әсирге шекем жетип келиў жолларына нәзер таслайтуғын болсақ, ең дәслеп бул дәстанларды Соппаслы Сыпыра жыраўлардың, Жийен жыраўдың атқарғанлығын, Жийен жыраўдан Шаңқай жыраўдың, Шаңқайдан Түменбай жыраўдың, Түменбайдан Сыбан жыраўдың, Сыбаннан Айтуўар жыраўдың, Айтуўардан Дүйсенбай жыраўдың, Дүйсенбайдан Сейпулла ҳәм Нурабылла жыраўдың үйренгенлигин көриўге болады.

Соның менен бирге, XIX әсир Хорезм ойпатында бақсышылық өнериниң де күшли ен жайып атырған дәўирлери еди. Қарақалпақ бақсылары қоңсылас өзбек, түркмен бақсылары менен тығыз дөретиўшилик-мәдений байланыслар жасай баслады. Нәтийжеде жоқарыда атап өткенимиздей қаҳарманлық, тарийхый–қаҳарманлық дәстанларды атқаратуғын жыраўлар мектеби менен бир қатарда «Ғәрип ашық», «Саятхан-Ҳәмре», «Ашық-Нәжеп» сыяқлы лиро-эпикалық ашықлық дәстанлар менен усы типтеги «Ҳүрлиха-Ҳәмре», «Зухра-Таҳир», «Ләйли-Мәжнун», «Юсуп-Злийха», «Гүл-Сәнәўбар» усаған китабый қысса дәстанларды атқаратуғын бақсылар ҳәм қыссаханлар мектеби де өзинше ҳәўиж алып, раўажланыў жолына түсти. Оның үстине, бул дәўирде қарақалпақларда Шығыс халықлары менен тарийхый-генетикалық, тарийхый-мәдений байланыслар күшейип, жазба әдебият ҳәр тәреплеме гүллеп раўажланыў жолына түсип, жаңа әсирдиң жаңа үлкен миллий әдебий орталығы толық қәлиплескен еди. Бул бай мазмунға, ҳәр тәреплеме рәңбәрең бағыт-бағдарларға ҳәм тараўларға ийе әдебий орталықты пайда етип, қәлиплестирген шайырлардың алдыңғы қатарында Күнхожа Ибрайым улы, Әжинияз Қосыбай улы, Бердақ Ғарғабай улы, Өтеш Алшынбай улы, Сарыбай, Гүлмурат сыяқлы сөз шеберлери турды. Олар бир жағынан жазба әдебиятты тереңлестирип, раўажландырған авторлық поэзия ўәкиллери болса, екинши тәрептен аўызеки көркем әдебияттың дөретиўшилери де, атқарыўшылары да, таратыўшылары да болды [5:62]. Сонлықтан да, олардың айырымлары көпшилик жағдайда “бақсы-шайыр”, “қыссақан-шайыр” деп те аталды. Мысалы, Бердақ жазып дөретиўши шайыр болыў менен бир қатарда, усы дәўирлердеги қарақалпақ бақсышылық мектебиниң үлкен ўәкиллериниң бири болса, Әжинияз Қосыбай улы бул дәўирде шайырлықтан тысқары өзиниң қыссақандық мектебин де жаратты.

Мине, усындай себеплерге байланыслы Бердақтың “Балам”, “Халық ушын” сыяқлы көп ғана лирикалық шығармалары менен «Айдос баба» дәстанлық шығармасы, Әжинияздың «Еллерим барды», «Бозатаў» дөретпелери айырым ҳалатларда халық қосықлары, халық дәстанлары дүркимине қосылып кетип те отырды.

Улыўма, бул әсирде сөз шеберлериниң ҳәр бири өзиншелик пикирлеў дүньясы, сүўретлеў усылы менен қарақалпақ, сондай-ақ басқа да халықлар әдебиятының раўажланыўына үлкен үлес қосты. Мәселен, Күнхожа социал-турмыслық мотиви күшли аңласылып туратуғын азаматлық-гражданлық лириканы, сатиралық-тымсаллық дөретпелерди, импровизациялық шайырлар айтысларын раўажландырыўға үлкен үлес қосқан болса, Әжинияз миллий поэзиямызды Шығыс поэзиясы дәстүрлери менен байытты, қарақалпақ поэзиясында биринширлерден болып мухаллес, ғәззел, рубайы, тәрийп формасындағы қосықларды дөретти [6:58]. Өзиниң «Қыз Меңеш пенен айтыс», «Ырысты қыз бенен айтыс» сыяқлы импровизациялық айтыслары, Мақтумқулы дөретиўшилигинен ислеген аўдармалары менен қарақалпақ-қазақ-түркмен әдебияты байланысларының буннан былай да раўажланыўына кең жол салды. Бердақ өзиниң «Ақмақ патша», «Айдос баба», «Айдос бий», «Ерназар бий», «Амангелди» дәстанлық шығармалары менен фольклордағы эпикалық дәстүрлерди жазба әдебиятта кеңнен ен жайдырған болса, «Шежире»дей шаҳ шығармасы менен түркий халықлар поэзиясында биринширлерден болып поэзия формасындағы шежирешилик дәстүрин баслап берди.

Усындай дөретиўшилик қубылысларды фольклордың тиккелей атқарыўшылары болған жыраў, бақсы, қыссақан шайырлардан да аңлаўға болар еди. Себеби, олар фольклордың тек ғана мәзи атқарыўшылары, таратыўшылары ғана болып қоймай, Қорқыт ата, Соппаслы Сыпыра жыраў дәўирлеринен берман киятырған дәслепки шайырлардың жаңа әсирдеги избасарлары шайыр-жыраў дөретиўшилери де болды. Сонлықтан да, олардың аты менен қарақалпақ фольклорында көп ғана лирикалық дөретпелер, термелер, толғаўлар, дәстанлардың айырым жеке индивидуаль дөретиўшилик сыпатларға ийе, көркемлиги күшли, жетилискен көплеген вариантлары сақланып қалды.

XIX әсирдиң 70-жылларында қарақалпақ халқының тарийхый, сиясий-жәмийетлик, социал-экономикалық, мәдений-руўхый турмысындағы үлкен өзгерислер жүз берди. Бул өзгерислер Хийўа ханлығын Россия ҳүкиметиниң басып алыў сиясатына байланыслы келип шыққан еди. Бул өзгеристиң ең унамсыз ақыбети – бир пүтин қарақалпақ халқының екиге бөлинип, бир тәрепиниң (дәрьяның оң жағалаўының) Россия қарамағына өтиўи менен екинши тәрептиң (дәрьяның шеп жағалаўының) бурынғысынша Хийўа ханлығының қурамында қалып қойыўында көринди. Себеби, еки түрли сиясат, еки түрли административлик басқарыў халықтың бир пүтин этникалық бирлигин буза алмағаны менен, еки тәреплеме езиўшилик социал-экономикалық турмыс тәризи менен бирге руўхый-мәдений өмирге айырым унамсыз қубылысларды алып кирди.

Бул жағдай бир жағынан, қарақалпақ сөз шеберлериниң дөретиўшилигинде социаллық, азаматлық, миллийлик, ҳуқықый-демократиялық мотивлердиң күшейиўин келтирип шығарса, екинши жағынан, әдебияттың миллий аймақлық таралыў шеңберинде ҳәм формаларында айырым тосқынлықларды келтирип шығарды. Деген менен, қарақалпақ әдебияты бул қыйыншылықларға қарамастан, өзиниң миллийлик тамырларының реалистлик сыпатын еле де тереңирекке ен жайдырыў бағытынан бир адым да кейин шегинбеди. Аўызеки көркем әдебияттағы жыраўшылық, бақсышылық мектеплери бурынғыдан да күшли даўам еткениндей, жазба әдебиятта да аўыз әдебияты менен беккем байланысқан кыссақан шайырлар мектеби сан ҳәм сапа жағынан да ҳәр тәреплеме толысып раўажланып барды. Мәселен, XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларына келгенде Аннақул шайыр Мәмбетхожа улы, Қоразбек шайыр Разбек улы, Бегжан шайыр Нурым улы, Қулмурат шайыр Қурбаналы улы, Сыдық шайыр Тоқпан улы, Бекимбет шайыр Әбдиқәдир улы, Қазы Мәўлик шайыр Бекмухаммед улы усаған шайырлар усы қыссақан шайырлар мектебиниң белгили ўәкиллери сыпатында өсип шықты.

Улыўма айтқанда, бул әсирлерде қарақалпақ миллий орталығында фольклорлық ҳәм жазба әдебиятлық сыпатларды өз бойына жәмлеген фольклор менен жазба әдебияттың синтезинен туратуғын әжайып әдебий-фольклорлық этно орталық бар еди.

Биз жоқарыда атларын атаған XIX әсирдеги, XIX әсирдиң ақыры менен XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятының ең ири ўәкиллери болса усы әдебий орталықта аўызеки көркем әдебият пенен жазба әдебиятты тутастырыўшы алтын көпирше хызметлерин атқарған үлкен сөз усталары, соның менен бирге, әжайып саз, атқарыўшылық өнер шеберлери, жыраў-бақсылар, қыссақанлар да болды. Сол ушын да белгили фольклоршы Қ.Айымбетов бундай типтеги сөз ҳәм саз өнери ийелерин «Қарақалпақ аўызеки әдебияты менен жазба әдебиятын байланыстырыўшы көркем сөз шеберлери» [1:7] деп баҳалай келип: «Қарақалпақ тарийхын изертлегенде, жазба әдебиятына қоса жыраў-бақсышылық, қыссақанлық дәстүрлерине де кеўил аўдараўымыз керек» [1:8] деген пикирди айтқан еди.

Биз де усы пикирлерге сүйене отырып: "Қарақалпақ аймағы қазақ-қарақалпақ әдебий-фольклорлық байланыслары ҳаққында сөз еткенде, ең дәслеп усы байланысларды келтирип шығарған, жоқарыда биз улыўмалық сыпатлама берип өткен қарақалпақ этно-фольклорлық әдебий орталығына дыққат аўдарыўымыз керек" деген тезисти алға усынғымыз келеди. Себеби, әдебий-фольклорлық орталық жоқ жерде бундай байланыслардың жүз бериўи де мүмкин емес. Хәр қандай миллий әдебият та, миллий әдебиятлар аралық байланыслар да усындай орталық бар жерде өз жемислерин бере баслайды.

Бул тараўда белгили маман фольклоршы алым, академик Р.Бердибаевтың пикирине сүйенетуғын болсақ, «ақын-жыршының шығармашылық тәғдири тек өзиниң өзгешелигине байланыслы ғана болмай, ортаның, қәўимниң социаллық талаплары менен сораўларына қарай да қәлиплескенлигин көремиз» [2:298].

Усы көзқарастан қарақалпақ аймағы қазақ фольклоры менен әдебиятына пикир жуўыртатуғын болсақ, бул аймақта пайда болған жаңа этнофольклор менен әдебият өзиниң миллий тамырларын өзлери жаңадан қоныс басқан қарақалпақ журтының әдебий-фольклорлық орталығы топырағынан нәр алып, суўсынланған ҳалда ен жайдырды, яғный «Қарақалпақ аймағынан шыққан қазақ ақынларының дөретиўшилиги жыршылық-ақынлық өнер ортасында (жоқарыда биз сыпатлама берген қарақалпақ этнофольклорлық-әдебий орталығында. – Т.Т.) қәлиплести. Сөйтип, олар жыршылық, ақынлық өнерди қатар алып жүрди [3:26]».

Буны биринши гезекте усы аймақтағы қарақалпақ-қазақ фольклорындағы жанрлар, формалар, дөретиўшилик ҳәм атқарыўшылық өнер типологияларынан да көриўимизге болады. Себеби, жаңа орталық, жаңа шараятлар қарақалпақ жерине келип орналасқан қазақлардың жаңаша турмыс тәризин келтирип шығарғанындай қарақалпақ аймағы қазақ фольклоры менен қазақ әдебиятына да жаңаша мазмун, жаңа түр ҳәм түс.

Қарақалпақ аймағындағы қазақ фольклоры менен әдебияты мине, усындай тарийхый, миллий-руўхый ҳәм халықаралық көркем-эстетикалық дереклерге тийкарланған ҳалда XIX әсирдиң ақыры менен XX әсир басында тутас қазақ әдебиятының ажыралмас бөлеги сыпатында «Қарақалпақ аймағындағы қазақ фольклоры ҳәм әдебияты» деген ҳәзирги терминлик атамасын толық пайда етти ҳәм жаңа миллий этникалық топар мәдениятының өзинше бир түри болып қәлиплеседи. Буның айқын мысалы сыпатында бул аймақта жасап, дөретиўшилик мийнет еткен қазақ жыршы-жыраўлары ҳәм ақынлары есапланатуғын Қасым (1816-1890), Турмаш Хожа (XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсир басы), Ақпан Әйитпек улы (1837-1874), Сейдәли Жумабек улы (1839-1928), Қазан жыраў (1846-1918), Қарасай Қазый улы (1848-1926), Тилеўмуғамбет Аманжолов (1860-1935), Лепес жыраў (1868-1936), Амантурлы жыраў (1872-1938), Таңжарбай Бәкир улы (1872-1926) дөретиўшиликлерин келтириўге болады.

Бул саз сөз өнериниң үлкен тулғалары қарақалпақ аймағы қазақ фольклорының атқарыўшылары, дөретиўшилери соның менен бирге, усы аймақтағы жаңа қазақ әдебиятының баслаўшылары болып табылады.

Улыўма, қарақалпақ аймағындағы қазақ фольклоры менен қазақ әдебиятының пайда болыў ҳәм қәлиплесиў дереклери сыпатында қарақалпақ аймағындағы қазақ халқы мәдениятының пайда болыў тарийхына, яғный қарақалпақ аймағындағы қазақлар этнотопарының жәмийетлик-сиясий, социал-экономикалық, мәдений тарийхына, сол миллий мәденияттын әдебиятты пайда еткен миллий руўхый-эстетикалық дереклерге, онда дәстүр ҳәм мийраслылық пенен қарақалпақ этнофольклорлық ҳәм әдебий орталығының тутқан орны мәселелерине тоқтағанымызда бул факторлардың тарийхый, идеялық-эстетикалық дереклер сыпатындағы хызмети бойынша төмендегидей илимий-жуўмақ жасаўға болады:

1. Қарақалпақ аймағындағы қазақ фольклоры менен қазақ әдебияты бурынғы қазақ ханлықлары, ҳәзирги Қазақстан республикасы аймақларында пайда болып қәлиплескен бир тутас қазақ миллий фольклоры менен қазақ әдебиятының нызамлы жалғасы ҳәм мийрасхоры сыпатында XIX әсирдиң биринши ярымынан баслап бурынғы қарақалпақ ели ҳәзирги Қарақалпақстан республикасы аймақларында пайда бола баслады;

2. Бул миллий фольклор менен әдебият усы дәўирлерде өз алдына миллий эстетикалық система-жаңа миллий әдебият сыпатында емес, ерте дәўирлерде-ақ пайда болып, қәлиплескен бир тутас миллий қазақ фольклоры ҳәм әдебияты раўажланыўының өзинше бир көриниси сыпатында келип шықты;

3. Оның усылайынша жаңа көринистеги миллий фольклор ҳәм әдебият болып қәлиплесиўинде төмендеги тарийхый-генетикалық, тарийхый-мәдений, миллий руўхый-эстетикалық факторлардың хызмети айрықша болды:

1. Бир тутас қазақ халқы тарийхы контекстиндеги қарақалпақ аймағы қазақларының көшип-қонысласыў ҳәм жаңа миллий орталықта өзинше миллий этнотопар болып мәканласыў тарийхы;

2. Бул этнотопарлардың Хорезм ойпаты, Қарақалпақстан республикасы аймағындағы түркий тиллес халықлар менен әййемнен киятырған тарийхый-генетикалық, тарийхый-мәдений дослық, туўысқанлық қарым-қатнаслары;

3. Оғуз-печенег-қыпшақ, Алтын Орда ҳәм Ноғайлылар аўқамы дәўирлериндеги түркий тиллес халықларға ортақ әдебий-мәдений мийраслар;

4. Бир тутас миллий қазақ фольклоры менен әдебиятын тән болған мийраслылық;

5. Жаңа мәкандағы қарақалпақ миллий этнофольклорлық ҳәм әдебий орталық. Қарақалпақ аймағы қазақ фольклоры менен әдебияты, мине усындай тарийхый-мәдений, руўхый-эстетикалық дәреклерге тийкарланған ҳалда пайда бола отырып, XIX әсирдиң ақырларына жаңа аймақтағы, анығырағы, сырт аймақтағы қазақ этнотопарларының миллий фольклоры ҳәм әдебияты сыпатында толық қәлиплесе баслады.

Улыўма, қарақалпақ аймағы қазақ фольклоры менен әдебияты XX әсирдиң басларынан баслап бир тутас миллий қазақ фольклоры менен әдебиятының әдебий-фольклорлық дәстүрлери тийкарында пайда болған, жаңа жағдайларға байланыслы қарақалпақ топырағындағы унамлы әдебий-фольклорлық дәстүлерде нәр алып өскен қазақ фольклоры ҳәм әдебиятының өзинше бир жаңа миллий көриниси болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Айымбетов Қ. «Қарақалпақ жыраўларының генеология – шежире кестеси». Халық даналығы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968. 74-75-б.
2. Бердибаев Р. Эпос – ел қазнасы. –Алматы: «Рауан», 1995. 298-б.
3. Жумажанов Қ. Қарақалпақ аймағындағы қазақ әдебияты. –Алматы: «Арыс», 2006. 26-б.
4. Өтенияз жыраўдың еске түсириўлеринен. Едиге (Өтенияз жыраў варианты). ӨзРИА ҚҚБ китапханасының қол жазбалар фонды.
5. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К. XVIII-XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты. (Үлгили оқыў бағдарламасы) // Қарақалпақстан муғаллими. -Нөкис: 1999. - № 3-4 62- б.
6. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Аяпов Ш. Бүлбилзибан уллы шайыр. -Нөкис: НМПИ КБ, 2013.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ этно-фольклор адабий ареалининг XIX аср ва XX аср бошидаги ҳолатига аниқлик киритилиб, унинг ушбу даврлардаги қорақалпоқ худудида қозоқ оқин-жировлар меросининг пайдо бўлиши ва шаклланишида тутган ўрни кўрсатилиб, «бу ҳудудда пайдо бўлган янги этно-фольклор билан қозоқ оқин-жировлар мероси, қадимдан келаётган миллий-бадиий илдизларидан озиқланиш билан бир қаторда қорақалпоқ этно-фольклор, адабий муҳитидан таъсирланиб шаклланди» деган хулосага келинади.



**РЕЗЮМЕ**

В статья даётся характеристика каракалпакскому этнофольклорному литературному ареалу XIX и начала XX века. Указывается его место в возникновении и формировании наследия казахских поэтов-сказителей на территории Каракалпакстана в этот период. Делается заключение, что возникшее на этой территории этно-фольклорное и литературное наследие казахских поэтов-сказителей формировалось под влиянием каракалпакской этнофольклорной и литературной среды наряду с древнейшими национально-художественными корнями.



**SUMMARY**

In the article there have been described the Karakalpak ethno-folklore and literary areal in the XIX-XX centuries. There is also shown its place in forming the heritage of Kazakh poets and bards on the territory of Karakalpakstan. The appearance and formation of ethno-folklore and literary heritage of Kazakh poets- bards was formed by the influence of Karakalpak folklore and literary environment with ancient national-literary roots.